

# ba yo plis konesans renmen yo plis

Chak moman ou pase ak pitit ou konte. Chante pou pitit ou, li pou li, anbrase li, etabli woutin pou li, koute li lè li vle di w yon bagay oubyen le li vle yon bagay.

## Rekonèt valè yon travay atis timoun piti k ap aprann, kòm etap enpòtan pou aprann li ak ekri

Mize pou timoun : Miami Children's Museum

Lè n akòde tan n pou yon timoun piti pou n pataje detay sou yon travay desen, penti oubyen atizana, sa ankouraje devlopman konpetans ki prepare pou lektri ak ekriti. Efò sa yo kore kominikasyon apati senbòl oubyen siy epi yo pwouve yon sèten kapasite pou rakonte yon istwa ki gen kòmansman, devlopman ak finisman. Lè n bay pitit nou atansyon n, nou montre l nou enterese avè l, sa ankouraje l nan dezi li genyen pou l sèvi ak mo ki pi gwo epi ki pi bon, pou l kab pale de sa l santi, de lide li ak lòt evènman konplike ki nan yon travay atis.

### Konsèy:

1. Ankouraje pitit nou pou l fè imajinasyon l travay nan poze kesyon ki mande detay epi nan fè diferan entèpretasyon pou yon travay atis.
2. Pale ak timoun nan sou ki santiman yo reprezante nan yon fòm y ap gade.
3. Eseye fè l pòte atansyon sou bèl kalite ki genyen nan travay atis epi nan lavi a.

4. Apresye fason pitit ou a itilize espresyon atistik pou li kominike.
5. Fè timoun nan jwenn opòtinite pou l sèvi ak anpil resous nan travay atis.
6. Nan menm jou a, oswa nan menm semenn nan oubyen menm mwa a, al vizite travay li fè a yon lòt fwa. Devlope istwa yo ak tèm yo ansanm.

Nou pa oblije konnen ki sa travay yon atis reprezante. Wòl pou n jwe, se obsève, poze kesyon epi koute espikasyon ak konpreyansyon timoun nan. Sa kab yon sipriz pou n aprann anpil bagay sou pwofondè esperyans timoun fè ak bagay ki nan men yo, plas yo ye ak evènman ki rive.

Katherina Danko-McGhee, Ruslan Slutsky ak Janet L. Olson/Art Education; The Journal of the National Art Education Association/ Jiyè 2003.

Se kon sa timoun grandi, se kon sa yo aprann, se kon sa yo aprann renmen lot moun, se kon sa y aprann rejwi. Se kon sa timoun grandi, se kon sa yo aprann renmen li kay dokte regilyèman epi chwazi yon bon kote pou ou bay gade li. Se kon sa yo aprann renmen li kay dokte regilyèman epi chwazi yon bon bagay, menmen li kay dokte regilyèman epi chwazi yon bon bagay, menmen li vle yon bagay, menmen li vle yon bagay.

## Pa janm souke yon tibebe fò

Mwa d Avril se mwa ki chita sou Jan pou evite fè timoun Abi. Nan Eta nou an, sendwòm tibebe yo souke twò fò touye plis timoun pase tout lòt kalite abi yo fè timoun.

Sa yo rele ann Angle "Shaken Baby syndrome" nan (Sendwòm tibebe yo souke twò fò), li rive lè yon paran oswa yon moun k ap okipe yon timoun pèdi tèt yo epi yo kòmans souke yon tibebe oubyen yon timoun piti byen fò. Sa ka lakòz timoun nan vin domaje nan sèvel li pou tout rès vi l oubyen sa ka lakòz li mouri. Timoun ki pa mouri lè yon bagay kon sa rive yo konn rive soufri pwoblèm tankou sa yo: yo vin avèg, yo soud, yo gen malkadi, yo gen paralizi serebral, yo gen pwoblèm aprann lekòl oubyen pwoblèm ak konpòtman yo.

Kèlkeswa jan ou ta fatige oubyen jan ou ta fache, pa janm souke yon timoun fò. Òganizasyon "The Children's Trust" la bay fon pou anpil pwogram ki ofri fòmasyon sou fason pou yon moun pran ka timoun kòm paran, pou ede paran yo boule ak difikilte ki genyen nan afè pran ka timoun. Nan pwogram sa yo tou, yo montre paran ki jan pou yo devlope bon jan relasyon pozitif ak amikal ansanm ak pitit yo, relasyon ki ka dire pou tout lavi.

Si nou bezwen plis ransèyman sou seyans fòmasyon Òganizasyon "The Children's Trust" la finanse pou paran yo, telefòn nan 305-571-5700.

Modesto E. Abety  
Prezidan Direktè Jeneral  
The Children's Trust

### MEN SA KI NAN TI JOURNAL SA A

Fwaye ki an pè atravè bon Jan Ankourajman .....	2
Timoun ki pa manje tout bagay .....	2
Evite abi kont timoun .....	3
Sante pitit ou: Se yon rezon ki pou fè w sispann fimen .....	4
Festival aktivite atistik ak jwèt .....	4

### MISSION NOU:

Se pou nou asire nou tout timoun nan Miami-Dade County jwenn atansyon kominote a, pou yo jwenn angajman ak resous kominote a, – kon sa, yo kapab devlope kapasite yo onivo entèlektiyèl, emosyonèl, sosyal, fizik. Sa ap pèmèt yo pare pou y aprann, sa ap pèmèt yo anvi aprann letan pou yo kòmans al lekòl.

Si ou gen kèk kesyon sou jan pou w elve pitit ou oubyen travay ou kòm paran, rele Òganizasyon Teach More/ Love More nan 305-631-8111. W ap jwenn moun pou ba wou enfòmasyon 24 sou 24 ann Angle, an Panyòl epi an Kreyòl.

Si ou ta renmen resevwa ti journal sa a an kreyòl, rele (305) 631-8111.



## Fwaye ki an pè atravè bon Jan Ankourajman

Se ak bon jan ankourajman yo elve fanmi kote chak moun renmen youn lòt. Lè timoun ap viv nan anvivonman ki ankourajan sa fè yo konnen yo merite pou yo nan fanmi an epi, kèlkeswa sa k rive a, y ap toujou renmen yo, kit se yon erè yo fè, kit yo gen yon mezantant ak yon frè oubyen yon sè, oswa se yon 'move' jounen y ap pase.

Anvivonman ki ankourajan yo fè w konsidere difikilte yo kòm opòtinite aprantisaj, men pa kòm gwo pwoblèm oubyen gwo pèt. Se toujou ou menm paran an ki reskonsab pou w kreye yon anvivonman ki ankourajan.

Men kèk fason nou kapab kreye yon fwaye ki ankourajan:

- Kreye kèk abitud espesyal ki pèmèt tout fanmi an kontre ansanm lè yon bagay pase. Ou kab kreye yon abitud ki "Akeyi" tout moun nan kay la (paregzanp, etenn tout televizyon lè tout moun antre sot travay oubyen sot lekòl), abitud pou anvan lè dòmi (li yon istwa timoun renmen ansanm chak swa anvan y al dòmi), oubyen kreye abitud manje ansanm (chwazi omwen yon sware nan semenn nan pou nou manje an fanmi).
- Bay chak moun nan fanmi an yon travay yo kapab fè nan kay la dapre laj yo pou ede fanmi an. Sonje di "Mèsi" epi "Konpliman" pou efò yo fè.
- Esplike kouman chak moun nan fanmi an bay bon kout men. Chèche okazyon pou fè timoun yo konnen jan sa yo fè a enpòtan. Ou ka di "Ou ranmase jwèt ou yo pou nou gen tan al nan magazen anvan l twò ta. Sa ede nou anpil."

**Chak mwa, pati sa nan jounal la pral chita sou ladrès ak lide moun dwe genyen pou yo amelyore vi famiyal yo.**

- Konsidere lè timoun nan pa aji byen tankou sa vle di li bezwen w ede l plis, li bezwen sipò ou, li bezwen ou gide li. Ankouraje disiplin ki pozitif, ki fèt ak respè, epi ki fèt ak renmen.
- Bay timoun yo yon kote pou yo viv ki an sekirite, fizikman epi mantalman. Ba yo abitud pou yo konnen sa k pral fèt chak jou epi fè yo konnen ki jan yo dwe aji epi ki limit yo genyen. Lè yon timoun fè yon erè oubyen li gen kèk difikilte, fè l konnen pa gen pwoblèm ditou lè yon moun fè yon erè epi w la pou ede l jwenn yon solisyon oubyen rezoud yon pwoblèm.
- Chèche opòtinite pou w fè remake lè pitit ou ap fè sa ki bon, olye pou w toujou ap veye sa yo fè ki pa bon. "Bare" yo k ap aji byen. Paregzanp, di yo kon sa "Mwen renmen jan n ap pataje jwèt nou yo." Oubyen ou ka di "Mwen remake jan ou jwe byen ak frè ou jodi a. Mwen kontan w nèt."

Se Dr. Becky Bailey, nan òganizasyon "Conscious Discipline" ak Dr. Debbie Glasser ki pèmèt nou jwenn enfòmasyon pou prepare atik sa a.



## Kwen Atis

### Timoun ki pa manje tout bagay

Se Sheah Rarback M.S., R.D., ki travay nan "Mailman Center for Child Development at the University of Miami" ki prepare atik sa a.



Ap gen yon moman ki rive kote majorite timoun ap tonbe nan kategori timoun ki pa manje tout bagay. Se prèske yon etap nòmal nan devlopman timoun. Nou remake sa lè timoun nan kòmanse rive nan laj 3 a 4 an. Timoun ou te genyen ki te renmen manje tout bagay la kòmanse ap refize manje oubyen

li kòmanse ap manje yon pakèt manje men se youn oubyen 2 kalite manje sèlman li vle. Sa se youn nan fason timoun nan laj sa yo koumanse montre kouman yo endepandan. Malgre sa sanble se yon ti kal manje y ap manje tanzantan, lè jounen an fini valè manje yo manje a vin ase pou yo. Majorite timoun piti pa renmen eseye manje manje yo pa konnen; yo pi konfòtab pou yo manje sa yo abitye manje, se sa k fè yo renmen manje menm bagay yo chak jou. Timoun piti konn oblije wè yon nouvo manje devan yo menm 10 a 15 fwa anvan pou yo goute li. Si pitit ou a ap devlope jan li dwe devlope epi li toujou an sante asireman l ap manje valè li dwe manje. Men kèk konsèy ki ka ede ou ak peryòd kote yon timoun vin difisil ak sa yo manje.

- Trase bon egzanp pou pitit ou yo. Kite yo wè w ap manje legim ou vle yo manje yo.
- Pa fòse yo manje manje yo poko janm manje. Kite pitit ou gade manje yo epi kite yo deside si yo vle eseye goute yo.
- Pa ofri yo anyen pou fè yo eseye manje yon bagay.
- Entwodi yo nouvo manje yo plizyè fwa.
- Fè konvèsasyon ki enteresan pandan nou tout ap manje.

Timoun ki konn pi difisil nan jan yo manje, pafwa se yo ki vin pi anvè manje tout bagay. Pasyans ak pèsèverans se sa sèlman ou bezwen.



MIAMI-DADE PUBLIC LIBRARY SYSTEM  
[www.mdpls.org](http://www.mdpls.org)

## Evite abi kont timoun

**L**i ka difisil pou anpil paran pou yo pale ak pitit yo de abi kont timoun, tankou abi seksyèl. Souvan paran ap poze tèt yo keksyon pou ki sa moun oblije abòde timoun piti ak yon sijè ki si tèlman bay lapenn.

### MISYON NOU:

Amelyore lavi tout timoun ak fanmi yo k ap viv nan Miami-Dade County ak bon jan envestisman nan lavi yo jodi ki kab ede yo demen.

Men kèk rezon enpòtan ki pou fè w pale de sijè sa a ak pitit ou:

- Chak de segonn yon timoun sibi abi nan peyi Etazini.
- Pi fò timoun sibi abi nan men yon moun yo konnen.
- Apeprè 20% viktim yo, se yon fanmi ki fè yo abi (anwètan yon manman oswa yon papa), moun nan kapab yon patnè paran an men ki pa marye avè l, oubyen lòt granmoun ki an kontak avèk yo regilyèman.

(Estatistik sa yo soti nan Depatman Lasante ak Sèvis Zimèn ak nan Depatman Timoun ak Fanmi peyi Etazini.)

Panse de sa kòm yon keksyon sekirite. Li enpòtan pou timoun yo aprann ki jan pou yo pwoteje tèt yo kont abi menm jan yo dwe konnen yo pa fèt pou jwe ak alimèt. Pale ak pitit ou de keksyon sa yo epi ba yo kèk regleman sekirite. Men kèk sijesyon:

Regleman sekirite pou timoun

1. Toujou mande oswa di paran w oswa granmoun reskonsab la anvan w ale nenpòt kote oswa anvan w antre nan yon machin, menm si se ak yon moun ou konnen.
2. Aprann bagay sa yo pa kè: non wou, non manman w ak papa w, adrès ak telefòn lakay ou.
3. Si yon moun eseye manyen w oubyen li trete w yon fason ki fè w pè, ki fè w santi ou pa alèz oswa ki fè w santi ou pa konnen ki sa pou w fè, di "Non" epi rakonte sa bay yon granmoun ou fè konfyans. Yon granmoun ou ka fè konfyans se yon moun k ap koute w, k ap kwè w epi k ap ede w.
4. Si yon moun manyen w epi li di w kenbe sa an sekre, manyen sa a se yon danje, sekre sa a se yon danje; ou dwe rakonte sa bay yon granmoun ou fè konfyans.

5. Si yon moun eseye fòse w fe yon bagay ou pa vle fè, pa gen pwoblèm si w di "Non" ak si w rakonte sa bay yon granmoun ou fè konfyans.

6. Toujou rete lwen yon etranje a yon distans ki egal ak de fwa longè bra yon granmoun. (Yon etranje se yon moun ou pa konnen.)

7. Si yon etranje eseye mennen w yon kote, eseye kouri lwen moun sa a epi rele: "Moun sa a ap eseye vòlè m!" oubyen "Moun sa a pa manman/papa m!"

8. Di pitit ou se dwa yo pou yo an sekirite, pou yo pa pè moun epi pou yo lib.

Òganizasyon "The Child Assault Prevention Project" (Pwojè prevansyon atak sou timoun) se youn nan plizyè òganizasyon ki pa la pou fè lajan, ki resevwa finans nan men "The Children's Trust" (Fon pou timoun yo) epi ki devwe pou evite timoun sibi abi. Òganizasyon "The Child Assault Prevention Project" la sèvi ak pyès teyat pou antrene epi anseye timoun sou fason pou yo kontwole sityasyon ki kapab pote danje. Nan atelye sa yo, timoun jwe wòl sou fason pou yo rete lwen etranje a yon distans san danje. Yo aprann anpil nan "trik" espè yo di ki mache byen nan ka vòl timoun, epi yo aprann fason pou yo di "NON," pou yo kouri, epi pou yo rakonte sa ba yon granmoun yo fè konfyans. Yo montre timoun yo nimewo telefòn pou yo sèvi nan ka ijan tou ansanm ak teknik pou yo defann tèt yo. Nan atelye yo, yo montre timoun yo egzanp move pouvwa ak move kontwòl.

Pwogram nan anseye elèv yo fason pou yo rekonèt epi pou yo anpeche sityasyon ak relasyon ki ka fè yo sibi abi nan men granmoun, timoun menm laj ak yo oswa etranje nenpòt ras, kit se fi kit se gason.



Si w bezwen plis enfòmasyon sou fason pou anpeche moun fè abi sou timoun, tanpri kontakte pwogram sa yo, òganizasyon "The Children's Trust" finanse yo:

Melissa Martin/Anelly Rodriguez  
**Direktris Jeneral/Direktris Pwojè**  
 The Child Assault Prevention Project

**305-377-2277**

Arlene Francois  
**Direktris Sèvis Zimèn**  
 Fanm Ayisyen Nan Miyami

**305-756-8050**

Avantou, paran yo dwe trete pitit yo avèk respè, epi yo dwe ankouraje timoun yo pale ouvèman de sa yo santi, de emosyon yo ak esperyans yo. Kon sa timoun yo va santi sa pa pwoblèm pou yo rapòte yon abi. Depi yon timoun pale w de yon bagay ki te rive l epi k ap ba li pwoblèm, pran sa oserye, epi si sa nesèsè, fè otorite yo konn sa. Lalwa Eta a egzije nenpòt moun ki sispèk yon abi sou timoun pou li rapòte sa bay sèvis èd nan telefòn sou zafè abi nan liy dirèk sa a 1-800-96-Abuse (1-800-962-2873). Gen etid ki montre timoun ki sibi abi rakonte sa an mwayèn bay sèt moun diferan anvan moun rive kwè yo.

Bay yon timoun yon atansyon espesyal si li chanje konpòtman. Men kèk siy abi: timoun nan pè yon granmoun, li agresif anpil oswa li ralanti sou konpòtman l, li konn twòp bagay sou koze sèks pou laj li, li pa apresye tèt li oswa li tonbe ap fè move nòt lekòl.

## Tout moun abò pou n amize n an fanmi!

### Sante pitit ou: Se yon rezon ki pou fè w sispann fimen

Doktè Heather Beach ak Lee Sanders ki nan Inivèsite Miami.

Timoun ki gen paran ki fimen gen plis chans pou yo gen opresyon, nemoni (enfeksyon nan poumon), enfeksyon nan zòrèy, epi pou yo mouri mò sibit (SIDS). Timoun ki souffri opresyon ki gen paran ki fimen, lè opresyon an pran yo li pran yo pi rèd epi pi souvan pase timoun paran yo pa fimen. Timoun ki abitye pran sant sigarèt depi nan piti, yo remake yo gen posibilite pou yo devlope kansè lè yo vin gran.

Pa bliye kòm paran se wou ki pou trase egzanp pou pitit ou. Timoun ki abite kote gen moun ki fimen gen twa fwa plis chans pou yo aprann fimen pase timoun ki pa gen moun ki fimen lakay yo.

Fimen se yon adiksyon li ye. Kèlkeswa jan ou ta vle sispann fimen an, sa difisil anpil. Kouman pou w rive sispann?

**1. Chwazi yon dat pou w sispann fimen.** Se kapab jou fèt demè, se kapab jou fèt ou, se kapab jou fèt pitit ou, oubyen yon lòt dat ki gen enpòtans pou wou.



**2. Mande zanmi ak fanmi pou yo ede w.** Di tout moun ou konnen ki dat ou vle kite fimen. Y ap ede sispann fimen.

**3. Mande èd nan kote ki ede moun pou sa nan kominote a.** Gen anpli pwogram yo ofri nan kominote a ki montre moun kouman pou yo kite fimen. Gen pwogram ki gen gwoup moun ki la pou bay lòt sipò pou ede yo sispann fimen. Gen liv ki gen konsèy yon moun ka suiv poukont li sou kouman yon moun ka sispann fimen. Asosiyasyon ameriken pou afè poumon « American Lung Association (800-LUNGUSA) » gen anpil resous ki ka ede yon moun.

**4. Mande doktè w oubyen doktè pitit ou a pou l ede w.** Eseye sèvi ak pwodui pou ranplase nikotin yo, tankou, chiklèt yo fè pou sa a ak patch yo fè pou sa a. Pale ak doktè ou sou kesyon sèvi ak pwodui ou ka pran pou ranplase nikotin yo.

## Kalandriye Aktivite

### Festival aktivite atistik ak jwèt

Pou fanmi ak zanmi tout timoun ki andikape  
Samdi 23 avril

Kendall Indian Hammocks Park  
11395 SW 79th St. (akote Abri #5)  
10 è nan maten pou 4 è nan apre midi

Timoun ki andikape ap gen chans pou yo patisipe epi pou yo pran plezi yo ap fè travay atistik ak konpetisyon espò ansanm ak fanmi yo. Kèlkeswa sa timoun yo kapab fè a, y ap patisipe nan aktivite sa yo:

Kous sou chèz woulant

Kous bekàn

Desen ak atizana

Teyat

Bèt dosil pou timoun yo manyen epi pou ba yo manje

Espò

Mizik

Si w bezwen plis enfòmasyon, rele Lourdes Manzano nan 305-412-4117 oubyen kontakte Creative Children Therapy, 12608 SW 88th St., Miami 33186.

## Patisipe Nan ti Journal sa a...



### Voye:

foto, keksyon oubyen konsèy itil. Foto yo ap parèt nan chak piblikasyon. Foto sa yo reprezante lektè nou yo men yo pa pale de okenn estil ak sityasyon fanmi. Keksyon yo, kèk espè lokal ap reponn yo. Konsèy itil paran yo, n ap jwenn yo nan seksyon "Pi bon moman pou anseye" (Teachable Moments) lan.

### Voye lèt bay:

The Early Childhood Initiative Foundation  
3250 SW Third Ave., Miami, Fla. 33129

Se òganizasyon sa yo ki bay sipò pou yo pibliye journal sa a:

### The Early Childhood Initiative Foundation

(646-7229) Ak United Way Success by 6

(305-860-3000) De òganizasyon sa yo travay ansanm ak Koalisyon pou Prepare timoun pou Lekòl (Early Learning Coalition of Miami-Dade/Monroe) nan Miami-Dade. Koalisyon an sipèvize pwogram entèvansyon pou timoun ki nan preskolè ak pwogram ki bay sibvansyon pou pran swen timoun ansanm ak anpil lòt aktivite nan Miami Dade County. Se mesye Paula Bender ki pral dirije kowalisyon an (305-646-7225).

### Edite ti journal sa a se:

Ana de Aguiar Echevarria  
(305-646-7230)

### Moun ki nan komite revizyon

journal sa a se:  
Dr. Debbie Glasser



3250 SW Third Ave.  
Miami, Fla. 33129

NON-PROFIT  
ORG.  
U.S. POSTAGE  
PAID  
MIAMI, FL  
PERMIT #5665